



Pou Piblikasyon Imedya: 25/04/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO LANSE SETYÈM FAZ KONPETISYON KONSÈY DEVLOPMAN EKONOMIK REJYONAL LA**

***FAZ VII la pral Akòde plis pase \$800 Milyon nan Resous Eta genyen Atravè toule 10 Rejyon REDC yo***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te lanse Faz VII nan inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la (Regional Economic Development Council, REDC), ki ap ofisyèlman demare konpetisyon anayèl pou plis pase \$800 milyon nan resous devlopman ekonomik eta yo. Aplikasyon pou Finansman Konsolide a (Consolidated Funding Application, CFA) pral ouvè lendi 1e Me 2017 pou aplikan yo, sa k ap pèmèt biznis yo, minisipalite yo, òganizasyon san bi likratif ak manm popilasyon an yo pou yo kòmanse aplike, atravè yon sèl aplikasyon, pou yo jwenn asistans nan plis pase yon douzèn pwogram finansman eta gen disponib pou pwojè k ap kreye djòb ak ede revitalize kominote yo.

“Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la yo te reyisi rasanble kominote lokal yo ansanm nan yon fason yo pat janm fè avan, k ap estimile kwasans ekonomik soti depi nan fondasyon yo k ap kreye djòb atravè tout New York,” **Gouvènè Cuomo te di.** “Avèk setyèm faz prim REDC yo, eta pral kontinye patenarya l gen ak gouvènman lokal ak lidè kominote yo – k ap fè envestisman entèlijans nan vil nou yo, ti vil ak vilaj nou yo pou bay Konsèy Rejyonal yo zouti yo bezwen pou konstwi kominote yo pou anpil ane k ap vini ankò.”

Pwosesis REDC a te transfòme apwòch devlopman ekonomik gouvènman Eta New York la, kote l te kreye yon fondasyon nan tout eta pou kwasans ekonomik rejyonal kwasant soti depi nan fondasyon l epi rasyonnalize pwosesis aplikasyon pou finansman eta a. Depi 2011, ki te premye ane inisyativ la, yo te akòde plis pase \$4.6 milya bay plis pase 5,200 pwojè yo prevwa ki pral kreye ak konsève plis pase 210,000 djòb atravè tout eta.

**Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki se Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la yo te di,** “Lè li responsabilize moun ki konnen kominote yo pi byen yo ak mwayen yo bezwen, Gouvènè a te transfòme estrateji devlopman ekonomik eta a pou l vin youn ki non sèlman reyisi, men y ap konstwi pou l dire tou. Antanke Prezidan Konsèy Rejyonal la yo, mwen gen prèv ki montre envestisman nan inovasyon ak teknoloji te revitalize ekonomi nou an epi gen yon nouvel konfyans pami fonksyonè eli lokal yo. Pwojè yo te kòmanse ak finansman REDC yo ap redevlope sant vil yo, retni ak agrandi biznis yo, epi rekonstwi enfrastrikti nou an pou 21èm syèk la.”

Atravè sis faz konpetisyon REDC a yo:

- REDC Rejyon Lwès New York la te bay \$418.4 milyon pou 551 pwojè;
- REDC Rejyon Finger Lakes la te bay \$506.1 milyon pou 605 pwojè;
- REDC Rejyon Southern Tier la te bay \$480.6 milyon pou 471 pwojè;
- REDC Rejyon Santral New York la te bay \$529.1 milyon pou 505 pwojè;
- REDC Rejyon Mohawk Valley la te bay \$444.1 milyon pou 462 pwojè;
- REDC Rejyon North Country a te bay \$484.6 milyon pou 456 pwojè;
- REDC Rejyon Kapital la te bay \$436.9 milyon pou 608 pwojè;
- REDC Rejyon Mid-Hudson a te bay \$475.9 milyon pou 574 pwojè;
- REDC Vil New York la te bay \$400.4 milyon pou 452 pwojè;
- REDC Long Island lan te bay \$486.5 milyon pou 590 pwojè;

Faz VII inisyativ REDC a pral akòde plis pase \$800 milyon nan resous eta atravè toule 10 rejyon yo, ki gen ladan jiska \$225 milyon nan sibvansyon ki baze sou pèfòmans ak kredi taks ki soti nan Empire State Development, ak apeprè \$575 milyon ki soti nan de douzèn pwogram nan ajans eta yo.

Pami priyorite Konsèy Rejyonal yo pou 2017 la, genyen:

- Idantifye pwojè pou gwoup syans lavi k ap boujonnen nan eta yo;
- Idantifye estrateji devlopman mendèv yo, ki gen ladan l kolaborasyon ak endistri ak enstitisyon akademik lan yo;
- Aplikasyon estrateji nan pwojè k ap devlope yo; ak
- Mezire pèfòmans ak pwogrè plan estratejik la.

Pou ankouraje reyalizasyon plan estratejik REDC yo ak pou kontinye motive opòtinite investisman ak kreyasyon djòb yo, an 2017 Konsèy Rejyonal yo pral rantre an konpetisyon pou yo genyen jiska \$150 milyon nan sibvansyon kapital ak \$75 milyon nan kredi taks Excelsior pou pwojè Konsèy Rejyonal la yo idantifye kòm priyorite rejyonal nan kominote yo.

Lè yo bay prim ankourajman pou reyalizasyon plan stratejik yo, REDC yo– ki fòme ak lidè biznis yo, enstitisyon akademik yo, gouvènman lokal yo, gwoup san bi likratif yo ak lòt pati konsène yo – ka gen plis motivasyon pou yo travay ansanm pou yo reyalize vizyon rejyonal lan. Konpetisyon an mete aksan sou pèfòmans ak aksyon pou mete estrateji yo an aplikasyon, ki ankouraje kòwoperasyon pami REDC yo ak reprezantan kominote yo ki enpòtan anpil pou atenn devlopman ekonomik reyisi.

### **Prim Faz VII**

An 2017, toule 10 rejyon yo pral rantre an konpetisyon pou yo deziyen yon “Premye Pèfòmè” (Top Performer), pami yo, yo pral chwazi senk epi y ap resevwa prim jiska \$20 milyon nan fon sibvansyon yo, pandan rès senk rejyon yo, y ap idantifye yo kòm Benefisyè Rejyonal (Regional Awardees), pral resevwa jiska \$10 milyon nan fon sibvansyon.

W ap jwenn Manyèl REDC pou ane 2017 la ak yon lis resous ki disponib sou [www.regionalcouncils.ny.gov](http://www.regionalcouncils.ny.gov). CFA pral ouvè pou aplikan yo lendi 1e me a epi **delè pou soumèt aplikasyon yo ap vandredi 28 Jiyè 2017 a 4 è p.m.** Yo pap aksepte aplikasyon yo soumèt apre delè a fin pase yo. Pou aplikan yo, CFA a disponib sou <https://apps.cio.ny.gov/apps/cfa/>.

Nouvo aspè konpetisyon REDC a an 2017 gen ladan yo:

#### **Redwi Eka nan Konpetans yo**

Nan ane ki sot pase yo, yo te prete anpil atansyon a eka nan konpetans yo atravè tout Etazini epi Eta New York la pa yon eksepsyon. Plizyè etid te jwenn byenke eka nan konpetans nan lasyans, teknoloji, jeni, ak nan matematik yo se yon grand pati konpetisyon an, sa pa vle di se yo se sèl endistri ki te afekte. Biznis nan tout endistri yo te site eka nan konpetans kòm yon gwo obstak ki anpeche efò pou yo agrandi biznis yo epi yo te idantifye l tou kòm yon fado pou pwodiktivite biznis yo an jeneral.

Yo mande pou REDC yo fè sondaj nan endistri yo ansanm ak nan enstitisyon akademik nan rejyon yo pou yo idantifye eka nan konpetans yo, ansanm ak disponibilite pwogramatik opòtinite fòmasyon mendèv yo nan lekòl segondè, inivèsite kominotè, ak inivèsite yo. Yo pral enkòpore rezilta sondaj yo nan Rapò Anyèl ane sa a, ansanm ak estrateji yo te rekòmande pou redwi eka yo te idantifye yo. Konsèy Rejyonal yo pral travay avèk manm yo Konsèy Rejyonal Inivèsite Kominotè yo (Regional Community College Councils) sou inisyativ sa a.

#### **Enfòmasyon sou Aplikasyon pou Finansman Konsolide a**

Nan kad efò Gouvènè Cuomo ap fè pou amelyore modèl devlopman ekonomik eta a, yo te kreye yon Aplikasyon pou Finansman Konsolide Eta New York la pou rasyonalize ak akselere pwosesis aplikasyon pou sibvansyon an. Pwosesis CFA a make yon chanjman fondamantal nan fason yo distribye resous eta yo, pou garanti mwens biwokrasi ak plis efikasite pou satisfè bezwen devlopman ekonomik lokal yo. CFA a sèvi kòm sèl pwèn dantre pou jwenn aksè a finansman devlopman ekonomik yo, sa k ap garanti aplikan yo p ap gen pou pèdi tan ant plizyè ajans ak sous san okenn mekanis pou kowòdinasyon. Kounye a, pwojè devlopman ekonomik yo itilize CFA kòm yon mekanis sipò pou jwenn aksè a plizyè sous finansman eta yo atravè yon sèl aplikasyon, sa k ap rann pwosesis la pi rapid, pi fasil, ak pi pwodiktif. Pou gen aksè a CFA, tanpri vizite <https://apps.cio.ny.gov/apps/cfa/>.

#### **Konsènan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo**

Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal se yon eleman enpòtan nan apwòch Gouvènè Cuomo sou investisman ak devlopman ekonomik Eta a. Nan ane 2011, Gouvènè Cuomo te kreye 10 Konsèy Rejyonal pou devlope plan estratejik alontèm pou kwasans ekonomik rejyon yo. Konsèy yo se patenarya piblik-privè ki fòme avèk ekspè lokal ak moun ki konsènen ki nan biznis, akademi, gouvènman lokal ak òganizasyon ki pa nan gouvènman. Konsèy Rejyonal yo te re-defini fason New York investi nan djòb ak kwasans ekonomik lè yo mete anplas yon apwòch ki baze sou kominote, apwòch soti anba pou monte ak kreye yon pwosesis konpetitif pou resous Eta a. Apre sis faz pwosesis REDC a yo, yo te akòde apeprè \$4.6 milya bay pwojè k ap kreye djòb ak pwojè devlopman kominotè ki konsistan ak plan estratejik chak rejyon yo, yo prevwa ki ap kreye ak konsève plis pase 210,000 djòb. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo, tanpri ale sou sitwèb [www.regionalcouncils.ny.gov](http://www.regionalcouncils.ny.gov).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418